



Pou Piblikasyon Imedya: 08/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO VOYE PÈSONÈL IJANS ETA A NAN DIFE FORÈ NAN KONTE GREEN

Dife Forè metrize nèt nan konte Chenango, Yates, Ulster ak Sullivan

Sitiyasyon sechrès la ideyal pou gen plis dife forè pete

Entèdiksyon pou Boule Branch Bwa rete Anvigè jiska dat 14 me

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te voye pèsònèl ijans eta a pou dife forè ki gen nan Konte Green, ki te kòmanse madi pase epi metrize a 30 pousan. Sekouris onivo eta ak lokal travay lajounen kou lannwit nan lòt konte viktim pou konbat divès dife nan eta a, ki pou kounye a metrize nèt nan konte Chenango, Yates, Ulster ak Sullivan apre yo te ravaje plizyè milye ak tè.

“Pèsònèl ijans eta a ap ede ponpye lokal atravè eta a pou konbat dife forè sa yo, ki gaye akòz sechrès,” de deklare Gouvènè Cuomo. “N ap kontinye travay ak yo epi, kòm dabitid, sekirite rezidan nou yo se premye priyorite a. M ap mande prese prese yon lòt fwa ankò pou Nouyòkè nan zòn viktim rete veyatif epi enfòmè sou danje ki genyen yo.”

Eta a pou kounye a ap p kontwole plizyè dife branch bwa atravè New York. Nan Konte Green, pèsònèl ki soti nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman, State Police, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife ak Biwo Kominikasyon Ijans Entèoperab ap ede sekouris lokal ak sipò kòmanman ak kontwòl. Dife a pou kounye metrize a 30 pousan epi li difisil pou konbat akòz mòn yo ak forè epè a.

Atravè eta a, genyen sèt pèsònèl sekou nan sitiyasyon ijans ki soti nan Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans la ak 29 Forest Rangers ki soti nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman pou ede ak jefò pou touye dife a. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans ap kontwole dife nan konte Chenango, Chautauqua, Dutchess, Franklin, Kings, ak St. Lawrence.

Debri kap boule lib se pi gwo kòz dife forè pandan prentan nan eta a. Lè tanperati a cho epi gazon ak fèy yo sèch, dife forè ka kòmanse epi gaye fasilman epi van ak mank vejetasyon vèt fè l gaye pi vit ankò. Kondisyon yo prevwa se fèb imidite, rafal van ak

tanperati elve, sa ki ka pwovoke etensèl ak ti flam epi ta ka lakòz yon dife pi gwo ak pi danjere.

Depatman Pwoteksyon Anviwonman fèmen tout pis nan zòn Hunter-West Kill Wilderness nan vil Hunter, Konte Green, jiskaske gen lòt avi, akòz yon dife forè sou 60 ak tè. Pis ki fèmen yo se:

- Devil's Path Trail
- Diamond Notch Trail
- Beckner Hollow Trail
- Hunter Mt. Trail
- Spruceton Trail
- Colonel's Chair Trail

Tout fedekan nan Catskill Forest Preserve entèdi jiska 14 me akòz gwo danje dife ki toujou genyen akòz sechrès la.

Menm lè plizyè dife metrize, gwo move tan montre ka gen lòt dife branch bwa atravè eta a, paske Sèvis Meteyo Nasyonan la kalifye pi fò pati nan New York kòm zòn ki gen gwo posiblite dife. Dife ka kòmanse fasil epi ka vinn danjere si l pa mouri pandan l tou piti.

Pou wè dènye kat jeyografi ki sou klasman danje dije nan New York, ale sou <http://www.dec.ny.gov/lands/68329.html>.

Komisyone Divizyon Sekirite ak Sèvis Ijans, John P. Melville, te di konsa, "Divizyon Sekirite Enteryè ap kontinye ede ak tout bezwen otorite ijans lokal ak depatman ensandi mande yo pou etenn dife sa yo. N ap kontinye mande rezidan yo pou yo sonje danje ki genyen nan boule dife deyò pandan epòk sa nan ane a epi respekte tout lwa onivo eta ak lokal konsènan boule branch bwa ak fatra nan kay."

Komisyone Depatman Pwoteksyon Anviwonman, Joe Martens. te di konsa, "Mwen mande prese prese pou tout moun pran prekosyon pandan epòk sa nan ane an ki gen gwo posiblite dife. Ak chalè li fè a, peryòd sechrès n ap viv kounye a, danje dife a pi gwo ankò. Nan yon efò pou n pwoteje sante ak sekirite fanmi, vwazen nou yo ak anviwonman natirèl nou an, Depatman Pwoteksyon Anviwonman Forest Rangers pral pote sekou pou ede konbat dife atravè eta a, epi rezidan ka ede tou lè yo sonje entèdiksyon pou pa boule anyen an mete anplas pou yon bon rezon."

Depi lane 2009, Eta New York ranfòse yon entèdiksyon pou boule branch bwa nan kay pou vil ki genyen mwens pase 20.000 rezidan [soti nan dat 16 mas jiska 14 me](#), peryòd kote pifò dife forè rive. Kèk vil, sitou anndan ak ozanviwon Adirondack Park ak Catskill Park, rele "vil dife," epi li entèdi pou boule yon bagay anplennè pandan tout ane a nan minisipalite sa yo amwenske yon moun oswa yon gwoup gen yon pèmi alekri ki soti nan men Depatman Pwoteksyon Anviwonman. Moun ki vyole règleman pou pa boule bagay anplennè yo ka sibi pou swit penal ak sivil, avèk yon amann minimòm \$500 pou premye ofans lan.

Nan peryòd senkan depi lè entèdiksyon an te adopte, kantite mwayèn dife prentan pa ane te diminye soti 3.297 pou pase 1,425 oswa 43.2 pousan.

Rele 9-1-1 pou rapòte yon dife ou sispèk ki pran nan forè. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans vle fè Nouyòkè sonje pou yo gen yon plan evakyasyon fanmi ak yon twous depa ki pare pou ijans. Pou jwenn yon lis atik pou ijans, ale sou <http://prepare.ny.gov/be-prepared>. Pou jwenn enfòmasyon ak konsèy sou dife forè, ale sou sitwèb Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan <http://www.dec.ny.gov/lands/42524.html>. Pou jwenn konsèy pou pwoteje kay ou, ale sou <http://www.dec.ny.gov/public/42529.html>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418